


# RESÈT SA A KAPAB SOVE LAVI YON MOUN

Sèl


Sik

Depi timoun nan kòmanse gen dyare,  
ba l bwè anpil, epi ba l bwè seròm lakay


**1** (yon) vè plen (200ml)  
ak dlo byen pwòp



**1** (yon) kiyè sèl  
plen ra bouch



**2** (de) kiyè sik  
plen ra bouch



**Kontinye bay timoun nan manje, menm lè li gen dyare a. Lèt manman tojou pi bon.**

**Al nan sant sante si timoun nan gen lòt siy ki bay lapèrèz, tankou siy sa yo:**

- **Poupou dlo anpil fwa nan jounen an, ki pa gen menm sant ak lè ti moun nan pa gen dyare;**
- **Dyare ki gen san oubyen larim;**
- **Dyare ki dire plis pase sèt jou;**
- **Vant fè mal, lafyèv, vomisman;**
- **Anvi bwè ki fè bouch ak lang vin sèk;**
- **Je timoun nan fon ; I ap kriye dlo pa sòti;**
- **Lè kote ki poko fin fèmen devan tèt timoun nan antre nan fon.**

